

# TÒP BAGAY CHAK VOTÈ FLORID DWE KONNEN POU ELEKSYON JENERAL 2020 LA

## 1. ENSKRIPSYON POU VOTÈ YO

### Ki moun ki ka enskri pou vote?

Ou kapab enskri pou vote si ou se:

- Yon sitwayen Ameriken
- Yon rezidan Florid
- Omwen 18 an (Ou ka enskri davans pou vote si ou gen 16 an)

De eksepsyon ka fè ou pa kalifye pou enskri:

- Si ou te jije mantalman enkapab epi dwa vòt pa te retabli.
- Si ou gen yon kondanasyon kriminèl enpi dwa vòt ou pa te retabli.

### Kijan ou kapab Enskri pou Vote:

Ou kapab enskri pou vote: (1) rele biwo Sipèvizè Eleksyon nan konti ou epi mande pou yo poste yon aplikasyon enskripsyon elektè ba ou oubyen (2) enskri sou entènèt nan <https://registertovoteflorida.gov/home>. (3) Enskri avèk yon òganizasyon 3yèm pati pou enskripsyon katye elektè. Fòm enskripsyon elektè yo disponib nan lang Anglè ak Panyòl.

Si ou anrejistre pou vote, ou ka mete non ou, adrès ou, siyati ou, oswa lòt enfòmasyon ajou sou sit entènèt enskripsyon elektè ki endike anwo a.

### Dat Limit Enskripsyon pou Votè Yo

Sitwayen ki kalifye yo ka enskri pou vote a nenpòt ki lè. Dènye jou pou enskri pou eleksyon jeneral la se **5 Oktòb, 2020**.

## 2. KILÈ POU VOTE

### Jou Eleksyon

**3 Novanm, 2020.**

Biwo vòt yo louvri nan Jou Eleksyon an 7:00 nan Maten pou 7:00 nan Aswè. Moun kap Vote nan liy a 7:00 PM gen dwa depoze yon bilten vòt.

# TÒP BAGAY CHAK VOTÈ FLORID DWE KONNEN POU ELEKSYON JENERAL 2020 LA

## Dat Pou Vòt Bonè

Chak konti oblije gen vòt bonè nan **24 – 31 Oktòb, 2020**.

Sipèvizè Eleksyon Konti yo ka chwazi pou òganize vòt bonè nan dat siplemantè sa yo: 19, 20, 21, 22, 23 **Oktòb e 1 Novanm**.

Kontakte biwo Sipèvizè Eleksyon konti ou an oswa tcheke sit entènèt Sipèvizè Eleksyon yo pou pou dènye enfòmasyon sou jou pou vòt bonè, lè, ak ki kote:

<https://dos.elections.myflorida.com/supervisors/>.

## **3. KOUMAN POU VOTE PA LAPÒS**

Nenpòt votè ki te deja enskri kapab mande yon bilten vòt pa lapòs nan biwo Sipèvizè Eleksyon Konti li.

### Dat Limit Pou Vote Pa Lapòs

Dat limit pou mande yon bilten vòt pa lapòs pa pita ke 5:00 nan aswè (PM) (lè lokal) on **24 Oktòb, 2020**.

Ou dwe retounen bilten vòt ou pa lapòs bay biwo Sipèvizè Eleksyon Konti ou an pa pita ke 7:00 nan aswè (lè lokal) nan Jou Eleksyon pou li ka konte.

### Bwat Bilten Vòt Pou Vote-pa-Lapòs

Ou ka lage bilten vòt ou pa lapòs la nan yon bwat nan konti w la. Pandan vòt bonè, tout sit pou vòt bonè yo gen lokasyon bwat pou depoze. Bwat pou dispoze yo disponib tou nan biwo Sipèvizè Eleksyon ak lokasyon bwanch yo. Pou tcheke plis lokasyon ki gen bwat pou depoze, kontakte Sipèvizè Eleksyon Konti ou nan:

<https://dos.myflorida.com/elections/contacts/supervisor-of-elections/>.

### Asire ke Bilten Vòt Ou Konte

Pou asire bilten vòt pa lapòs ou konte, ou dwe siyen anvlòp bilten vòt la.

Ou ka swiv estati bilten vòt ou a:

<https://registration.elections.myflorida.com/CheckVoterStatus>.

## TÒP BAGAY CHAK VOTÈ FLORID DWE KONNEN POU ELEKSYON JENERAL 2020 LA

Si gen nenpòt pwoblèm ak bilten vòt ou an, tankou si ou bliye siyen bilten vòt la oswa anvlop la, ou kapab “geri” pwoblèm say o jiska 5:00 nan aswè (PM) nan dezyèm jou aprè Eleksyon an.

Aksè nan lyen sa a anba pou enstriksyon sou kòman ou ka geri pwoblèm ak afidavi vot-pa-lapòs: <https://dos.myflorida.com/media/700479/dsde139.pdf>.

#### **4. MENM SI OU MANDE YON BILTEN VOT-PA-LAPÒS, OU GEN DWA CHANJE POU VOTE AN PÈSON**

Si ou te resevwa yon bilten vòt-pa-lapòs men ou prefere vote an pèsòn, ou ka pote bilten vòt-pa-lapòs nan lokasyon biwo vòt ou epi remèt li. Travayè biwo vòt la dwe ba ou yon bilten regilye.

Menm si ou pa gen bilten vòt-pa-lapòs, travayè biwo vòt detèmine ke biwo Sipèvizè Eleksyon pa resevwa bilten lapòs la, travayè biwo vòt la dwe ba ou yon bilten regilye.

Si ou pa gen bilten vòt-pa-lapòs e travayè biwo vòt la pakapab detèmine ke biwo Sipèvizè Eleksyon resevwa bilten lapòs la, ou toujou gen dwa a yon bilten vòt pwovizwa.

#### **5. ANPIL FÒM IDANTIFIKASYON FOTO AKSEPTAB**

Pou vote, ou dwe montre idantifikasyon ki valide ak fotograf ki gen foto ak siyati.

Fòm idantifikasyon ki akseptab yo enkli: (1) Lisans Chofè Florid la; (2) Kat idantite Florid ke Depatman Sekirite Otowout ak Otomobil pibliye; (3) Paspò Etazini; (4) Debi oswa kat kredi; (5) Kat Militè; (6) Kat Lekòl; (7) Kat Sant Retrèt; (8) Kat Katye Asosyasyon; (9) Kat Asistans Piblik; (10) Kat idantite Sante Veteran ki soti nan Depatman Zafè Veteran Ameriken an; (11) Lisans pou pote zam; (12) Kat Idantifikasyon anplwaye federal, leta, konti, oswa yon minisipalite.

Si idantifikasyon fotograf ou a pa gen siyati, oud we pwodwi idantifikasyon adisyonèl ki soti nan lis anwo a ki kap bay siyati-w.

Si siyati sou idantifikasyon fotograf ou pa matche ak siyati ki sou enskripsyon biwo vòt la, travayè biwo vòt ap enstwi ou kijan pou konplete afidavi a pou afime idantite-w ak kalifikasyon pou vote nan konti ou. Kan ou finn konplete afidavi a, travayè biwo vòt la dwe ba ou yon bilten regilye.

#### **6. OU DWE VOTE NAN BIWO VÒT KOTE WAP VIV LA**

Nan Jou Eleksyon ou dwe mete bilten vòt ou nan lokasyon biwo vòt kote ou asiyen. Bilten vòt ki mete nan move biwo vòt pa pral konte.

# TÒP BAGAY CHAK VOTÈ FLORID DWE KONNEN POU ELEKSYON JENERAL 2020 LA

Si ou pat resevwa yon Kat Votè Enfòmasyon ki ajou nan biwo votè ou asiye an, ou ka jwenn biwo sit votè ou asiye lè ou aksè nan liy ki anba:

<https://registration.elections.myflorida.com/CheckVoterStatus>.

Si konti ou la itilize yon Rejis Votè Elektwonik, ou ka mete adrès ou ajou pandan ou nan biwo votè la epi vote ak yon bilten regilye nan *Jou Eleksyon an*.

Si konti ou pa itilize yon Rejis Votè Elektwonik ou ka sòti deyò biwo votè la, rele biwo Sipèvizè Eleksyon konti ou, epi fè chanjman adrès la.

## **7. OU GEN A DWA A DE RANPLASMAN BILTEN VÒT**

Si ou fè yon erè nan bilten votè ou, ou kapab resevwa de ranplasman bilten. Sa vle di ou gen jiska twa chans pou ou konplete bilten ou kòrèteman.

## **8. OU GEN DWA POU ASISTANS SI OU BEZWEN ÈD VOTE** **Ou gen Dwa a yon Asistan nan Chwa ou**

Ou gen dwa asistans pou vote akòz ou avèg, andikape, konpetans limite nan lang Anglè, oswa enkapasite pou li ou ekri.

Ou kapab mande travayè biwo votè yo asistans. Ou gen dwa tou a yon Asistan nan chwa ou epi asistan ou pa patwon ou oswa yon reprezantan sendika.

### **Ou gen Dwa a Materyèl pou Vote nan Langaj ki diferan de Anglè**

Plizyè konti nan Florid la oblije pa Lwa sou Dwa Votè yo bay avi, fòm, enstriksyon, e lòt materyèl ki relye ak votè, tankou bilten, an Panyòl e/oubyen Kryòl.

Anplis de sa, Lwa Dwa pou Vote deklare espesifikman ke dwa votè Pòtoriken yo pa kapab abreje sou tè ke yo pa ka li oswa konprann yon bilten votè ki ekri an Anglè.

Si konti ou pa gen materyèl bilang, mande èd pou asistans nan langaj ou.

### **Ou Gen Dwa a yon Biwo Votè ki Aksesib a Moun ki Andikape**

Anba Lwa pou Ede Amerikè Vote a, chak biwo votè oblije gen omwen yon machin votè ki aksesib pou votè ki andikape yo, ki gen ladan votè ki gen andikape vizyèl yo.

Chak biwo votè oblije genyen tou: (1) espas pakin aksesib; (2) bon jan siy ki endike chemen aksesib nan direksyon plas biwo votè la; (3) nivo ki estab, ak sifas rezistan tè glise yo; (4) yon chemen degaje pou ale nan biwo votè la ak yon zòn degaje pou vote; and (5) ase ekleraj sou chemen aksesib nan wout ki andedan biwo votè la.

## TÒP BAGAY CHAK VOTÈ FLORID DWE KONNEN POU ELEKSYON JENERAL 2020 LA

### **9. OU GEN DWA POU VOTE MENM SI NON OU PA RETROUVE SOU ROULO VOTE YO**

Si yon travayè biwo vòt paka localize non ou nan biwo vòt ou enskri a, If a poll worker in unable to locate your name on the precinct register, asire w ke travayè biwo vòt la te tcheke ak anpil atansyon epi byen pou verifye òtograf non ou.

Si aprè tout tchèk pou biwo vòt kote ou enskri a, yo toujou paka localize non ou, travayè biwo vòt la dwe dirije-w a “biwo èd” nan biwo vòt la oubyen rele biwo Sipèvizè Eleksyon an pou localize non ou nan biwo vòt ou enskri a.

Menm si non ou pa retrouve nan biwo vòt kote ou enskri a, ou toujou gen dwa vòt a yon bilten pwovizwa.

### **10. VOTE AK YON BILTEN PWOVIZWA SE YON DÈNYE REKOU**

Vòt pa bilten regilye se preferans.

Si non ou pa retrouve nan biwo vòt kote ou enskri e travayè biwo vòt la konkli ke ou paka vote ak yon bilten regilye, lè sa ou kapab aksepte yon bilten pwovizwa.

Ou gen dwa pou prezante a lekri evidans elijibilite-w pou ou vote nan biwo Sipèvizè Eleksyon Konti ou a pa pita ke 5:00 nan aswè (PM) nan dezyèm jou aprè Jou Eleksyon an.

### **11. SI OU GEN "YON DEFI/DIFIKILTE" PA YON SIVÈYE BIWO VÒT KI BAZE SOU RESIDANS OU, SIYATI OU, OU RAS OU, OU GEN DWA POU VOTE PA YON BILTEN REGILYE.**

Si elijibilite pou ou vote jwen "yon defi/difikilte" pa yon sivèye biwo vòt ki baze sou residans ou ki pa nan biwo vòt la, ou gen dwa pou ou egzekite chanje adrès ou e, si ou nan biwo vòt kòrèk la, vote pa yon bilten vòt regilye.

- Si ou nan yon move biwo vòt, yon travayè biwo vòt dwe idantifye biwo vòt ki kòrèk la epi dirije ou nan biwo vòt sa a.
- Si defi a baze sou siyati ou, ou gen dwa pou egzekite yon afidavi siyati, epi vote yon bilten regilye.
- Li ilegal pou yon sivèye biwo vòt "bay ou defi/difikilte" sou baz ras ou.



# TÒP BAGAY CHAK VOTÈ FLORID DWE KONNEN POU ELEKSYON JENERAL 2020 LA

Se atravè travayè biwo vòt yo ke tout defi/difil kite yo dwe pote sou atansyon ou *sepa de* obsèvatè biwo vòt. Siveyè biwo vòt yo *pa dwe* entèfere ak pwosesis vòt la. Ofisyèl Eleksyon yo, gen ladan yo travayè biwo vòt yo, oblije kenbe kontwòl pwosesis vòt la ak operasyon nan plas biwo vòt la.

Logos

Enfòmasyon pou kontakte gwoup yo (nimewo telefòn, sit entènèt)

VOTE  
HERE

